



TutorMe

Lekòl Piblik Orange kontan anonse yon patenarya ak yon leson patikilye pou elèv sou entènèt, sèvis èd pou fè devwa, ak laboratwa ekriti. TutorMe.com se yon resous an sekirite aksesib sou entènèt fasilman atravè Clever epi li ofri asistans sou demann sou nenpòt matyè.

TutorMe bay asistans ki aliye ak kourikoulòm distri a. Sèvis la kenbe estanda rijid ki bay bon jan kalite wo nivo, divès titè/pwofesè, tès depistaj pou ekselans (ki gen ladan yon tchèk dosye kriminel).

Sèvis la:

- Disponib 7 jou sou 7, 24 sou 24, pou elèv ki nan klas 3yèm-12yèm ane
- Distri a peye pou sèvis la e se poutèt sa li gratis pou elèv yo

Karakteristik sèvis yo:

- Leson patikilye 1-a-1 ak yon leson patikilye andirèk
- Yon espas leson sou entènèt ak yon tablo vityèl
- Editè tèks ak espas chat (kominikasyon)
- Chat (kominikasyon) odyo/vidyò (byenke ou pa oblije sèvi ak karakteristik sa a oswa ouvè kamera ou)
- Yon fonksyon ki pèmèt ou pataje dokiman, lyen, ak Ekran travay pou ede pwofesè yo pandan y ap bay sipò.
- Plis pase 300 matyè ki gen ladan Matematik, Syans, Anglè, Syans Sosyal, Anglè kòm Dezyèm Lang, Preparasyon pou Egzamen Estandadize ak plis ankò.
- Yon laboratwa ekriti kote elèv yo ka soumèt yon papyè oswa redaksyon epi resevwa fidbak detaye nan kèk èdtan

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri santi w lib pou kontakte distri a nan

reopeningofschoools@orange.k12.nj.us.